# infovihtal #96 Dem Beer ci reew yi tang yi


**So jàppe tukki ci reew yi tang yi , nu ngi lay diggal yi yeef.**

## Bala nga tukki

Ba nga dem ci reew yu tang yi , da nga war seti doktoor bi lay seytu ci VIH ngir mu yombu la ci bërëp yi fàcc feebaru reew yu tang yi.



Bo jaano ak moom, waxtan ak moom ci li nga def ak tolof tolof yu mu mëna indil feebar bi. Ci lollu di na diggal ni ngay fagaaro ci reew ba jangooro du la fa topp.




Ajoo ci reew mi ngay bëgg dem , njaxu tamit dina la war ngir sa bopp ci yeen feebar yi.



## Ci diir bi nga faay ne

Ci diir bi ngay ne ci reew yu tang yi, yoon la nga topp diggle yi ci fagaaru yi:


Moytul di saaŋu ci déx yi ba déeg yi te sellalo ndox mi.



Moytul di nekk ak rabbu ala yi ba bayyima yi.



Moytul di jël lekk yi and ak Meew ba bu nu sellalul.



Moytu di jël ndox mu nu sellalul.




Del lekk ñaam yi nu togg bu bax.



Moytul fii gunoor yi ne.




Del jëffandiko kapoot ci say sëy.




## Bo delluse

Bo delluse ci reew yo yu, yoon la nga dem Betti sa doktoor ngir mu xol la ba dax bepp feebaru reew yo yu:


Wax lepp ci li nga doon def ngir mu naat fi tolof tolof yi mën ne.



Setlu sa yaram.



Setlu sa deret.



Su dara feñño ci yaram, dawal gaw wax sa doktoor, ba set setlu la bu bax.



**POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR**


Grupo de Trabajo sobre Tratamientos del VIH
contact@gtt-vih.org
www.gtt-vih.org
Barcelona (España)



**Subvencionado por:**
GOBIERNO DE ESPAÑA – MINISTERIO DE SANIDAD Y POLÍTICA SOCIAL
POR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL
Generalitat de Catalunya Departament de Salut – Programa de Prevenció i Assistència de la Sida
Ajuntament de Barcelona – Àrea de Qualitat de Vida, Igualtat i Esports
Diputació Barcelona – Àrea de Benestar Social

**Colaboran:**
ETIS
TROPICAL DRASSANES